

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku opat sub-bab, nya éta *desain* panalungtikan, data sarta sumber data, ngumpulkeun data, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

#### 3.1 *Desain* Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu dilaksanakeun ku cara ngutamakeun sakumaha telebna pedaran kana interaksi antar-konsép anu keur dianalisis sacara émpiris (Endaswara, 2011, kc. 5).

Nurutkeun Moleong (dina Arikunto, 2010, kc.22) panalungtikan kualitatif mah datana atawa sumber datana téh mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna leuwih teleb sangkan bisa kacangkem maksudna

Istilah métode asalna tina kecap *methods* (basa Latén), nu hartina tarékah atawa stratégi maham kanyataan dumasar kana léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (*kausalitas*). Fungsi métode nya éta pikeun ngungkulan pasualan dina hiji panalungtikan (Ratna, 2012, kc.34). Dina enas-enasna mah, métode téh minangka léngkah ngahontal hiji udagan pikeun nyangking kagemblengan hasil dina panalungtikan. Ku lantaran kitu, unggal panalungtikan salawasna merlukeun métode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kajian pustaka déskriptif-analitik. Métode déskriptif-analitik nya éta métode nu ngajéntrékeun tur méré sawangan ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2012, kc.53).

Nilik kana éta hal, métode déskriptif-analitik dipilih lantaran sajak mangrupa hasil rékaan panyajak anu ngawakilan rasa panyajak nu diébréhkeun ngaliwatan kekecapan. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta lapis


norma jeung rakitan basa dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor pikeun bahan ajar aprésiasi maca sajak SMA kelas XI.

Métode déskriptif-analitik dina ieu panalungtikan ngaliwatan tilu léngkah garapan, nya éta (1) nangtukeun tatapakan teoritis; (2) néangan sumber fakta anu mangrupa tulisan, pikeun ngarojong panalungtikan; jeung (3) nganalisis objék panalungtikan dumasar kana teori jeung sumber faktana.

Dina ngumpulkeun data, ieu panalungtikan disaluyukeun jeung waktu sarta kamampuh panalungtik. Saterusna éta data anu geus kakumpul disusun jadi hiji runtuyan anu gemblerng tuluy dianalisis. Ari pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data, ieu panalungtikan mikabutuh *desain* anu puguh jeung ngéntép-seureuh. *Desain* panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti tatahar anu ngawengku ngaidéntifikasi masalah jeung ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data nu ngawengku talaah pustaka jeung idéntifikasi, tuluy ngolah data tina data anu geus disadiakeun sarta dianalisis, sanggeus dianalisis éta data téh dipidangkeun. Pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Galur ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

### Bagan 3.1

#### *Desain Panalungtikan*



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta sababaraha sajak pinilih tuluy dianalisis pikeun dijadikeun bahan ajar maca sajak kelas XI SMA. Arikunto (2010, kc.172) nyebutkeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sumber data ngawengku tilu rupa nya éta jalma (*person*), tempat (*place*) jeung kertas atawa dokumén (*paper*).


- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) Tempat (*place*) nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeng gerak mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*) nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Saupama nilik kana pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ukur data tina kertas atawa dokumén (*paper*). Kertas atawa dokumén (*paper*) nu digunakeun nya éta buku kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor sarta dideudeulan ku buku-buku séjénna anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

#### 3.2.1 Identitas Buku Kumpulan Sajak *Paguneman*

##### Gambar 3.1

##### Cover Kumpulan Sajak *Paguneman*



Buku kumpulan sajak *Paguneman* (Nuansa, 2011) mangrupa buku kumpulan sajak (basa Sunda) nu kadua karya Acép Zamzam Noor. Buku kumpulan sajak *Paguneman* némbongkeun kasabaran Acép dina ngagambarkeun kaayaan haté nangaliwatan kekecapan. Kaayaan haté Acép nu ngagalura teu dibudalkeun sakaligus (siga nu nyampak dina kumpulan sajak *Dayeuh Matapoé*) tapi éstu kawas nu ngamalir saeutik-saeutik teu eureun-eureun. Basana leuwih ngalagena, jeung teu nyampak ayana basa nu kamalayon.

### 3.2.2 Biografi Acép Zamzam Noor

Acép Zamzam Noor, lahir di Tasikmalaya, 28 Pebruari 1960, ti leuleutik nepi ka mangsa rumaja hirup kumbuh di lingkungan Pondok Pasantren Cipasung, Tasikmalaya. Tamat SMA taun 1980 di Pondok Pasantren As-Syafi'iyah, Jakarta, Acép nuluykeun kuliah ka Jurusan Seni Lukis Fakultas Seni Rupa dan Desain ITB Meunang *Fellowship* ti Pamaréntah Itali pikeun nganjrek jeung medalkeun karya di Perugia, Itali (1991-1993).

Salaku panyajak Acép pernah dilélér sawatara panghargaan: *Hadiah Sastra LBSS* (1991 jeung 1993), *Penghargaan Penulisan Karya Sastra* ti Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional RI (2000 jeung 2005), *The SEA Write Award* ti Kerajaan Thailand (2005), *Anugerah Budaya* ti Gubernur Jawa Barat (2006) *Khatulistiwa Literary Award* (2006-2007), *Anugerah Kebudayaan (Medali Emas)* ti Menteri Kebudayaan dan Pariwisata RI (2007) sarta *Golden Honorary Police* ti Kapolwil Priangan (2009). Hadiah Sastra Rancagé taun 2012.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

Muhamad Faisal Septia Akbar, 2017  
 LAPIS NORMA JEUNG RAKITAN BASA DINA KUMPULAN SAJAK PAGUNEMAN KARYA ACÉP  
 ZAMZAM NOOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA SAJAK DI KELAS XI SMA  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun ngumpulkeun data aya sababaraha hal anu digunakeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka jeung téhnik *sampling*.

#### 1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun waktu ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber tiori nu ngarojong kana panalungtikan. Luyu jeung Kusumah (dina Jamilah, 2015, kc. 59) yén téhnik studi pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan tioritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor.

#### 2) Téhnik *Sampling*

Téhnik *sampling* nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik *Purposive Sampling*. Numutkeun Sugiyono (2009, kc. 85) *Purposive Sampling* nya éta téhnik nangtukeun sampel kalawan tinimbangan nu tangtu. panalungtik nyokot lima belas sajak pikeun ditalungtik. Lima belas sajak éta téh mangrupa sajak nu ngawakilan sajak-sajak nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman*. Tinimbangan dina milih sajakna nya éta ngeunaan téma, jadi sajak-sajak nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor diwakilan ku sababaraha sajak nu baris ditalungtik.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun ngaliwatan téhnik studi pustaka, laju diolah pikeun dianalisis.

#### 3.3.2.1 Analisis

Numutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2007, kc. 248) yén analisis téh mangrupa tarékah anu dilakukeun pikeun ngokolakeun data, milah-milah data jadi hiji hal nu bisa ditéangan sarta manggihan hal-hal anu penting. Data nu geus dikokolakeun téh bisa diajarkeun tur dicaritakeun ka jalma séjén.

Téhnik analisis nu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar kana tiori lapis norma Roman Ingarden (dina Pradopo, 2012, kc.14 ) nu méré lima bagbagan lapis norma pikeun nganalisis sajak. Konsép lapis norma Roman Ingarden nya éta: 1) lapis norma kahiji (lapis sora), 2) lapis norma kadua (lapis harti), 3) lapis norma katilu (lapis objék), 4) lapis norma kaopat (lapis dunya), 5) lapis norma nu kalima (lapis métafisis).

Salian ngagunakeun konsép lapis norma Roman Ingarden, panalungtik ngagunakeun ogé konsép rakitan basa Rachmat Djoko Pradopo (2012, kc. 62) nu nyieun tujuh bagbagan rakitan basa *simile* (ngupamakeun), *metafora* (lalandian), *epic simile* (ngupamakeun manjang), *personifikasi* (mijalma), *metonimi* (ocon), *sinekdoki* (raguman), jeung *alegori* (silib).

Kalayan ngagunakeun téhnik nu geus dipedar di luhur, data nu geus dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis ngaliwatan sababaraha tahapan, nya éta diantarana:

- 1) maca sacara teleb kumpulan sajak *Paguneman*;
- 2) nganalisis lapis norma jeung rakitan basa nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor;
- 3) milah-milah sajak anu saluyu pikeun bahan ajar maca sajak ka siswa kelas XI SMA;
- 4) ngalarapkeun panalungtikan pikeun bahan ajar aprésiasi maca sajak di kelas XI SMA;
- 5) nyieun kacindekan tina hasil data nu dipaluruh.

### 3.3.3 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeunana. Ari instrumén nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta lambaran céklis jeung kartu data. Lian ti ngumpulkeun data, dina ngolah data ngagunakeun instrumén panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngagampankeun panalungtik dina prosés nganalisis lapis norma Roman Ingarden

jeung rakitan basa nu aya dina kumpulan sajak *Paguneman* karya Acep Zamzam Noor. Sedengkeun lembaran céklis ngagampangkeun panalungtik dina nganalisis sajak nu dipilih pikeun dijadikeun bahan ajar maca sajak di kelas XI SMA.

### 1) Lembaran Céklis

Lembaran céklis mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun téhnik studi pustaka, tegesna pikeun néangan buku-buku tiori anu patali jeung panalungtikan.

**Tabél 3.1**  
**Studi Pustaka**

No.	Judul buku	Keterangan	
		Sastra	Basa

Salian ti digunakeun pikeun téhnik studi pustaka, lembaran céklis ogé digunakeun pikeun nyusun kritéria dina milih sajak pikeun bahan ajar.

**Tabél 3.2**  
**Kritéria Bahan Ajar**

No	Sajak	Eusi	Organisasi	Diksi	Basa	Mékanisme

(Hartfield dina Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306). Rentang peunteunna dileungitkeun sabab diganti ku céklis. Hartina céklis téh jadi ciri yén sajak nu geus dianalisis téh nyumponan pikeun dijadikeun bahan ajar.


### 2) Kartu Data

Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngolah data. Data nu geus dikumpulkeun tuluy dipindahkeun pikeun dianalisis. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data nu digunakeun.

#### a. Kartu Data Lapis Norma


**Gambar 3.2**

#### **Kartu Data Lapis Norma**



#### b. Kartu Data R

#### **Kartu Data Rakitan Basa**



### 3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 235) léngkah-léngkah nu dilakukeun dina panalungtikan pikeun nganalisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung dipakéna data saluyu jeung pamarekan panalungtikan.

#### 1) Tatahar

Tatahar mangrupa kagiatan pikeun milah-milah data hasil panalungtikan anu tuluy misahkeun data nu kapaké sangkan dina ngolah jeung nganalisis datana rapih tur gemet. Nu kaasup kana kagiatan tatahar nya éta:

Muhamad Faisal Septia Akbar, 2017

LAPIS NORMA JEUNG RAKITAN BASA DINA KUMPULAN SAJAK PAGUNEMAN KARYA ACÉP ZAMZAM NOOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA SAJAK DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (1) mariksa kalengkepan data, maksudna mariksa instrumen dina ngumpulkeun data, sangkan waktu data aya anu kurang bisa buru-buru ditambahan; jeung
- (2) mariksa rupa-rupa data anu kakumpul, maksudna bisi aya data anu teu luyu jeung kahayang panalungtik.

## **2) Tabulasi**

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Kagiatan dina tabulasi diantarana nya éta:

- (1) ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka;
- (2) masing-masingkeun data dumasar gundukanana; jeung
- (3) ngaluyukeun data jeung téhnik analisis anu rék dipaké.

## **3) Dipakéna Data Saluyu jeung Pamarekan Panalungtikan**

Data-data hasil panalungtikan anu geus ditabulasikeun tuluy diolah ngagunakeun pamarekan anu saluyu jeung éta panalungtikan, dina ieu panalungtikan data diolah dumasar kana pamarekan stilistika. Anu dipaluruhna nya éta kumpulan sajak *Paguneman* karya Acép Zamzam Noor. Sanggeus data diolah, tuluy hasil olahan data dilarapkeun pikeun bahan ajar maca sajak di kelas XI SMA.